EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 7.899 www.in-academy.uz




# ACTUAL ISSUES AND INNOVATIVE APPROACHES IN FORMING TEACHERS' PROFESSIONAL COMPETENCE

**Sarsenbaev Ramazan Janabay ulı**
PhD student, Nukus State Pedagogical Institute
https://doi.org/10.5281/zenodo.15706483

ARTICLE INFO
Received: 14th June 2025
Accepted: 19th June 2025
Online: 20th June 2025
KEYWORDS
*Teacher, competence, professional activity, teaching method, higher education, innovative strategy, pedagogical mastery, functional literacy.*

ABSTRACT
*This article explores the necessity of individualizing professional activity for higher education teachers. It emphasizes the importance of teaching methods in fostering effectiveness and unleashing students' potential. The article addresses the issue of lack of pedagogical knowledge faced by technical university teachers and examines the key competencies required from modern specialists. It highlights the significance of new teaching strategies and the teacher's "leading role" function, substantiating the importance of forming a functionally literate and competitive teacher today.*

# OQÍTÍWSHÍLARDÍŃ KÁSIPLIK KOMPETENTLIGIN QÁLIPLESTIRIWDÍŃ AKTUAL MÁSELELERI HÁM INNOVACION JANTASÍWLAR

**Sarsenbaev Ramazan Jańabay ulı**
Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı tayanısh doktorantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.15706483

ARTICLE INFO
Received: 14th June 2025
Accepted: 19th June 2025
Online: 20th June 2025
KEYWORDS
*Oqıtıwshı, kompetenciya, kásiplik iskerlik, oqıtıw usılı, joqarı bilimlendiriw, innovaciyalıq strategiya, pedagogikalıq sheberlik, funkcionallıq sawatlılıq.*

ABSTRACT
*Bul maqala joqarı oqıw orınları oqıtıwshılarınıń kásiplik iskerligin dara jantasıwdı ámelge asırıw zárúrligin úyrenedi. Onda oqıtıw usılınıń nátiyjeliligi hám studentlerdiń qábiletin ashıwdağı áhmiyeti atap ótiledi. Maqalada texnikalıq joqarı oqıw orınları oqıtıwshıları dus keletuǵın pedagogikalıq bilim jetispewshiligi máselesi hám házirgi qánigelerden talap etiletuǵın tiykarǵı kompetenciyalar qarap shıǵıladı. Jańasha oqıtıw strategiyaları hám oqıtıwshınıń "jetekshi rol" wazıypasın támiyinlew áhmiyeti jarıtılıp, búgingi kúnde funkcional sawatlı hám básekige shıdamlı oqıtıwshını qáliplestiriwdiń áhmiyetliligi tiykarlanadı.*

Oqıtıwshı jumısınıń ózgesheligi sonnan ibarat, bul toparǵa kiretuǵın qánigelerdiń kópshiligi pedagogikalıq xızmetin tek joqarı oqıw ornın pitkergennen keyin úyrene baslaydı, sebebi joqarı oqıw ornında oqıtıwdıń ózine tán ózgeshelikleri bar.

Oqıtıwshıǵa kóbirek erkinlik beriw oǵan jeke iskerlik usılın qáliplestiriw zárúrligin keltirip shıǵaradı. Bul usıl – ishki hám sırtqı halatlardı esapqa alıp, tabıslı nátiyjelege erisiwge

múmkinshilik beretuǵın xızmetdi shólkemlestiriwdiń jeke-ózgeshe sisteması. Optimal xızmet usılın izlew – bul oqıtıwshınıń jeke qásiyetleri hám qatnasıqlarınıń eń jaqsı kórinisin izlew, yaǵnıy óziniń tákirarlanbaslıq obrazın jaratıw demek [1; 38].

Joqarı oqıw ornı oqıtıwshısınıń jeke ózgesheliklerin esapqa alıp durıs tańlanǵan stil kóplegen máselelerdi sheshiwge járdem beredi: pedagogikalıq óz-ara tásirdiń nátiyjeliligi, demokratiyalıq, oqıtıwshı hám studentler arasındaǵı qarım-qatnastıń emotsionallıq úylesimliligi, hár bir studenttiń jeke potencialın tolıq ashıp beredi.

Joqarı oqıw ornı oqıtıwshısınıń kásiplik iskerliginiń jeke stili onı qorshaǵan joqarı oqıw ornı ortalıǵınıń tásirlerine tolıq ashıq, sonlıqtan onı sociallıq sharayatlardıń ózgesheliklerin esapqa alǵan halda tikkeley oqıtıwshılıq iskerliginiń ózinde qáliplestiriw kerek.

Jergilikli hám shet el tájiriybesi kórsetkenindey, jaqın waqıtlarǵa shekem joqarı oqıw ornı oqıtıwshısınıń (ásirese texnikalıq) jámi qánigeliginiń pedagogikalıq qurawshısı ya pútkil esapqa alınbaǵan, yamasa tiykarǵı ilimiy qánigelikti tolıqtıratuǵın ekinshi dárejeli dep esaplanǵan. Joqarı oqıw ornı (texnikum, universitet) ushın dástúrli bolıp, qánige shaxsın qáliplestiriw boyınsha oqıtıwshınıń jumısı hám iskerligin barǵan sayın kem bahalaw, yaǵnıy joqarı mekteptiń tiykarǵı wazıypasın quraytuǵın barlıq nárselerdi kem bahalaw esaplanadı.

Bunda texnikalıq joqarı oqıw ornı oqıtıwshısınıń iskerligine ayrıqsha dıqqat awdarıw kerek, ol kóbinese tek alǵan qánigeligine muwapıq kásiplik tayarlıqqa iye boladı.

V. Ivanov hám L. Gure texnikalıq joqarı oqıw orınları oqıtıwshılarınıń pedagogikalıq iskerliginiń bir qatar tiykarǵı máselelerdi belgilep kórsetedi, olar tiyisli qıyınshılıqlardı payda etedi, olarǵa barlıq oqıtıwshılar bir yamasa basqa dárejede dus keledi. [2; 45].

Bul mashqalalardı úsh toparǵa bóliwge boladı. Birinshisi, oqıtıwshı xızmetiniń bar psixologiyalıq-pedagogikalıq tiykarı menen tikkeley baylanıslı mashqalalardı óz ishine aladı, bul motivaciyadan baslap anıq ásbap-úskenelerge shekem bolǵan keń kólemli elementlerdi, yaǵnıy bilimler, kónlikpeler hám uqıplar, xızmet usılları hám basqalardı qamtıydı. Ekinshisi, oqıtıwshınıń ilimiy qábiletine baylanıslı bolıp, onıń quramlı bólimleri pedagogikalıq xızmetke tásir etedi. Úshinshisi oqıtıwshınıń jeke qásiyetleri menen anıqlanadı.

Texnikalıq joqarı oqıw orınlarınıń oqıtıwshılar quramı, kóbinese, oqıtıwshılıq jumısı menen baylanıssız qánigelik boyınsha belgili bir tarawda joqarı maǵlıwmat alǵan qánigeler menen tolıqtırıladı.

Qazan mámleketlik texnologiya universiteti janındaǵı Joqarı oqıw ornı oqıtıwshıların tayarlaw orayınıń basshısı V. Ivanov, oraydıń izertlewlerin juwmaqlap, bılay deydi: "Pedagogikalıq bilimlendiriwdiń joqlıǵı sebebinen, bunday qánigeler pedagogikalıq ámeliyattıń haqıyqatları menen duslasp, tálim tarawında kóbinese sezimge tiykarlanǵan qararlar qabıl etedi. Usı tiykarǵa súyenip, olar oqıw pánin oqıtıwdıń jeke metodikasın qáliplestiredi, bilimlendiriwdiń mazmunın tiykarlaw usılların tek ózlerine belgili bolǵan pán tarawınıń ózgesheliklerin esapqa alıp, pútkil emperikalıq jolı menen islep shıǵadı. Ókinishke qaray, bul jumıslardıń barlıǵı oqıtıw processlerin tallaw nátiyjelerine súyenbesten ámelge asırıladı. Bunday jaǵday ilimiy attestaciyalawdıń hám ilimiy dárejeler beriwdiń házirgi sisteması oqıtıwshılardı tek didaktika tarawında emes, al alǵan bilimleri boyınsha qánige bolǵan pán tarawında izertlewler alıp barıwǵa májbúr etiwi menen baylanıslı." [3; 74].

Bulardıń barlıǵı oqıtıwshını tayarlawdıń qánigeni tayarlawǵa salıstırǵanda aldıńǵı xarakterin támiyinlew máselesiniń kúsheyiwine hám keskinlesiwine alıp keledi. Sebebi,

muǵallimniń xızmetiniń nátiyjesi aqır-aqıbetinde óz kásiplik tarawında dóretiwshilik etiwge qábiletli bolǵan qánige shaxsın qáliplestiriw bolıp tabıladı.

Jańa texnologiyalardıń payda bolıwı hám jumıstıń jańa tarawların ózlestiriw menen baylanıslı konyunkturanıń tez ózgeriwi jaǵdayında, dástúriy emes sharayatlarda islew ushın qánigelerdiń sapasın boljalaw hám kepillik beriw máseleleri keskin túrde kóteriledi. Bul ilimiy-pedagogikalıq kadrlarǵa jáne de joqarı talaplar qoyılıwın ańlatadı, olardı tómendegishe táriyiplew múmkin:

- arnawlı ilimiy, ámeliy hám psixologiyalıq-pedagogikalıq tayarlıqqa tiykarlanǵan kásiplik biliklilik;

- dúnya mádeniyatı tiykarların biliw, insanpárwárlik jeke qásiyetlerge iye bolıw, óz jumısınıń nátiyjeleri ushın juwapkershilik; ózin-ózi jetilistiriwge umtılıwdı óz ishine alǵan uliwma mádeniy gumanitar biliklilik;

- standart emes pikirlewdiń qálipleskenligi, innovaciyalıq strategiya hám taktikaǵa iye bolıw, kásiplik jumıstıń mazmunı hám sharayatlarınıń ózgeriwine iykemlesiw qábiletin názerde tutatuǵın dóretiwshilik;

- rawajlanǵan sóylew, shet tillerin biliw, házirgizaman baylanıs quralların hám kompyuter sawatlılıǵı tiykarların iyelew, is qaǵazların dúze alıw, sonday-aq, baylanıstıń basqa da elementlerin óz ishine alatugın kommunikativ biliklilik;

- házirgi zaman ekonomika tiykarların iyelewdi, biznes tiykarları hám strategiyaların, ekologiya hám huqıq tiykarların biliwdi óz ishine alatugın sociallıq-ekonomikalıq bilimlilik;

- oqıtıwshınıń ózin hám basqalardı (studentler, oqıtıwshılardı) túsiniwi, bilimlendiriw procesinde jeke adamnıń ulıwma hám kásiplik rawajlanıwı nızamlılıqların biliwi, shaxslar aralıq óz-ara tásir hám qarım-qatnastı (bilimlendiriw procesi qatnasıwshılarınıń kommunikaciyası) shólkemlestiriw qábiletin, oqıtıw, tárbiyalaw hám rawajlandırıw maqsetlerine jetisiw boyınsha olardıń jeke hám birgeliktegi xızmetin biliwdi názerde tutatuǵın psixologiyalıq-pedagogikalıq biliklilik. Oqıtıwshı jumısınıń ózgesheligi oqıwshınıń jeke basın rawajlandırıw, insaniyat tárepinen toplanǵan mádeniyattı jetkeriw bolıp tabıladı. Usı kózqarastan, tar qánigelesiw tendenciyasına qarsı bolıp, oqıtıwshı ushın tiykarǵı bilimlilik áhmiyetli orın tutadı.

Innovaciyalıq oqıtıw strategiyası oqıw-tárbiya procesin basqarıwdı sistemalı shólkemlestiriwdi názerde tutadı hám tómendegi ózgesheliklerge iye. Birinshisi - oqıtıwshınıń hám bilimlendiriw shólkemlestiriwshisiniń jeke bası burınǵısınsha onda jetekshi element bolıp qaladi, biraq bunda onıń studentke hám ózine bolǵan kóz-qarası ózgeredi. Oqıtıwshı tek ǵana maǵlıwmat tasıwshı, norma hám dástúrlerdi saqlawshı emes, al studenttiń jeke basınıń qáliplesiwinde járdemshi sıpatında da xızmet etedi. Studenttiń qáliplesiwi hám onıń jeke basınıń rawajlanıwına demokratiyalıq múnásibet, birge islesiw, járdem beriw hám dıqqat awdarıw poziciyası bekkemlendi. Studenttiń kóz-qarası da ózgerdi, ol ózlestiriw nátiyjesinen hám alınǵan bahadan oqıtıwshı hám kurslasları menen aktiv qatnasıqqa qaray baǵdarlanadı.

Ekinshi xarakterli ózgeshelik - joqarı oqıw ornında ózlestiriletuǵın bilimlerdiń funkciyasında hám olardı ózlestiriw procesin shólkemlestiriw usıllarındaǵı ózgerisler. Bilim sistemalı, pánler aralıq hám jıynaqlı túrde berilgende ǵana adamǵa házirgi mádeniyat hám civilizaciyada óziniń layıqlı ornın iyelewge múmkinshilik beredi. Onı ózlestiriw procesi ónimli

dóretiwshilik procesi sipatında izleniwsheń oylaw iskerliginiń hár túrli formalarında shólkemlestiriledi.

Úshinshi áhmiyetli ózgeshelik - hár qanday oqıtıw hám jeke bastı rawajlandırıwdıń sociallıq tábiyatın aldıńǵı orınǵa qoyıw, bunıń menen oqıtıwdıń jeke emes, al toparlıq formalarına, birgeliktegi iskerlikke, óz-ara tásirlesiw, adamlar aralıq qatnasıqlar hám baylanıstıń hár qıylı formalarına baǵdarlanıw baylanıslı.

Oqıtıwshı jumısınıń ózgesheligi sonnan ibarat, bul toparǵa kiretuǵın qánigelerdiń kópshiligi pedagogikalıq xızmetin tek joqarı oqıw ornın pitkergennen keyin úyrene baslaydı, sebebi joqarı oqıw ornında oqıtıwdıń ózine tán ózgeshelikleri bar.

Kadrlar toparınıń bul bólegine joqarı mámleket qánigelerdi tayarlaw juwapkershiligi júklengen, olardıń bilim dárejesinen jámiyettiń rawajlanıwı ǵárezli. Bul xızmetdi joqarı oqıw ornında hár túrli qánigeliklerdi alǵan hám bilim dárejesi hár qıylı adamlar atqaradı. Oqıtıwshılar ózleriniń pedagogikalıq jumısınan tısqarı, tańlaǵan ilim tarawında ilimiy-izertlew jumısların alıp baradı, bul olardıń ilimiy-pedagogikalıq ósiwiniń tiykarı bolıp, studentler arasınan ilimiy potencialdı jetilistiriwge xızmet etedi. Olardıń ilimiy hám pedagogikalıq xızmetin birlestiretuǵın tiykarǵı ózgeshelik - qarım-qatnas.

Oqıtıwdı kásiplik iskerliktıń ayırıqsha túri dep qaraw, onıń tiykarǵı belgisi qarım-qatnas ekenligin eskeriw, oqıtıw mazmunında úlken ózgerislerge alıp keledi hám psixologiyalıq-mádeniy tayarlıqqa itibar kúsheyedi. Kóplep oqıtıwdan jańa óndirislık quramlar basshıları bola alatuǵın qánigelerdi joqarı sapalı jeke tayarlawǵa ótiw oqıtıwshıdan oqıw procesi jobasın dúziw, oqıtıw texnologiyasına hár qıylı jantasıwlardı birlestiriw, oqıtıwdıń jańasha sistemalarınan paydalanıw, pedagogikalıq pikirlewdi ámelge asırıw, yaǵnıy kásiplik-pedagogikalıq xızmettiń dóretiwshilik hám mashqalalı wazıypalardın sheshe alıwdı talap etedi.

Joqarı oqıw orınlarına keńirek huqıqlar beriw, bilimlendiriw baǵdarlamalarına mámleketlik bilimlendiriw standartları menen belgilenetuǵın federal komponentti, sonday-aq joqarı oqıw ornı (sonıń ishinde, milliy-aymaqlıq) komponentin kirgiziw oqıtıwshıdan bilimlendiriw mazmunın - oqıw baǵdarlamaları, oqıw kursları, hár qanday dárejedegi oqıw materialın joybarlaw uqıplılıǵın talap etedi.

Oqıtıwshı xızmetiniń jáne bir áhmiyetli ózgesheligin V.A.Ivanovtıń izinen "qos ozıw" funkciyası dep ataw orınlı bolar edi. Bunda oqıtıwshınıń tayarlıǵı ol oqıtatuǵın bolajaq qánigelerdiki aldında bolıwı, al olardıń tayarlıǵı óz gezeginde jámiyettiń rawajlanıwınan ozıwı kerek ekenligin názerde tutıw zárúr [3; 77].

Bunday ozıwdıń quralları retinde qarastırılıp atırǵan kadrlardıń joqarı oqıw ornınan keyingi bilimlendiriwi mazmunın tiykarlandırıw hám metodologiyalastırıw, sonday-aq dárejeler aralıq birlestiriw xızmet etiwi tiyis. Bunday funkciyanı ámelge asırıwdıń tiykarǵı shártleri - oqıtıwshılardıń ózleriniń bilim dárejesin arttırıwǵa umtılısı hám joqarı oqıw ornınan keyingi bilimlendiriwdiń barlıq túrlerine eń jaqsı ilimiy kúshlerdi tartıw arqalı usı umtılıstı ámelge asırıw bolıp tabıladı.

Joqarıda bayan etilgenlerdiń barlıǵı házirgi jaǵdayda joqarı dárejedegi kásiplik bilimlilik hám pedagogikalıq sheberlikti ózinde jámlegen, kásiplik qozǵalmalılıq hám básekege shıdamlılıq qásiyetlerine iye bolǵan joqarı oqıw ornınıń funkcional sawatlı oqıtıwshısın qáliplestiriw máselesi keskin kóterilip atırǵanlıǵınan dárek beredi.

## References:

1. Макарова Л.Н. Преподаватель высшей школы: индивидуальность стиль, деятельность. - Москва - Тамбов, 2000. - 167 с.
2. Иванов В., Турье Л., Зернинов А. Педагогическая деятельность: проблемы, сложности. // Высшее образование в России. - 1997. - №4. - С.44-49.
3. Иванов В. Психолого-педагогическая подготовка преподавателей //Высшее образование в России. - 1997. - №3. - С.73-77.